

18 mas

Men ou, se Bondye ki konn padonnen. Ou gen pitye, ou gen bon kè. Ou pa fè kòlè fasil, ou pap janm sispann renmen yo. Neyemi 9. 17

Mwen dekouvri yon Bondye ki konn padone

“Mwen fèt an swis, lavil vevèy, nan yon fanmi kretyèn. Mwen te grandi ak yon konsyans, Bondye egziste. Men, mwen pa t konnen l ak kè mwen. Tout mesaj mwen te tande yo, tout liv mwen te li yo t ap monte nan tèt mwen, men se raman yo rive nan kè m. Tout sa te mennen m nan yon lavi ki plen ak “fòk”, ak rityèl san okenn vrè siyifikasyon.

Mwen te reyisi nan etid mwen, e mwen te deside al aprann jesyon antrepriz. Tout bagay te sanble ap byen mache ! Men kè m te rete vid nan dezespwa.

Après, yon bon jou, mwen te fè konesans ak yon nonm ki te fè tout bagay pou li reyisi nan lavi pwofesyonèl, men ki te kite tout bagay pou li ede lòt moun. Li te vizite malad yo, ak moun k ap souffri. Poukisa egzanp li an enterese m konsa ?

Nan epòk sa, mwen te rankontre tou sila a ki te gen pou vin madanm mwen. Li te poze m kesyon sou relasyon m ak Bondye. Li te mande m kilès ki Jezi, sa m ap pale l de li. Poukisa li te mouri ? Kòman li te resite ? Poukisa li renmen nou ? Pandan plizyè semèn, nou t ap li Bib la, nou t ap chanje lide. Finalman, lanmou Jezi a te touche l. Li te aksepte l nan kè li, se yon lavi tou nèf ki kòmanse pou li... ak pou mwen. Echanj sa yo, ak kesyon sa yo te souke m. Apre kèk mwa, kè m vin touche ; olye de yon Bondye règ ak lalwa, mwen vin dekouvri yon Bondye lanmou ak padon. Finalman, mwen vin konprann non sèlman Kris te mouri pou mwen, men li vle transfòme lavi m tou.”

Marc

18 mars

Mais toi, tu es un Dieu de pardons, faisant grâce, et miséricordieux, lent à la colère, et grand en bonté.

Néhémie 9. 17

Je découvre un Dieu de pardon

“Je suis né en Suisse à Vevey dans une famille chrétienne. J’ai grandi avec la conscience que Dieu existe. Toutefois, je ne le connaissais pas avec mon cœur. Les nombreux sermons entendus, les livres lus pénétraient dans ma tête, mais n’aboutissaient que rarement dans mon cœur. Tout cela m’a conduit dans une vie remplie de “il faut” et de rites religieux sans signification réelle.

Dans mes études, j’ai bien réussi et j’ai décidé de faire carrière dans la gestion d’entreprise. Tout semblait aller pour le mieux ! Mais mon cœur restait désespérément vide.

Puis un jour, je fais la connaissance d’un homme qui avait tout pour réussir professionnellement, mais qui a tout abandonné pour aider les autres. Il visite des malades, des personnes qui souffrent. Pourquoi son exemple m’interpelle-t-il autant ?

À cette époque je rencontre également celle qui deviendra mon épouse. Elle me questionne sur ma relation avec Dieu. Elle me demande qui est ce Jésus dont je parle. Pourquoi est-il mort ? Comment est-il ressuscité ? Pourquoi nous aime-t-il ? Pendant plusieurs semaines, nous lisons la Bible, nous confrontons nos idées. L’amour de Jésus finit par la toucher. Elle l’accepte dans son cœur, c’est une nouvelle vie qui commence pour elle... et pour moi. Ces échanges, ces questions m’ont remué. Au fil des mois, mon cœur s’attendrit ; au lieu d’un Dieu de règles et de lois, je découvre un Dieu d’amour et de pardon. Je comprends enfin que non seulement Jésus Christ est mort pour moi, mais aussi qu’il désire transformer ma vie.”

Marc